

## Lèt tou louvri pou prezidan repiblik la

Jou ki 03 desanm 2019 la

S.E.M Jovenel Moise  
Prezidan repiblik dayiti  
Nan biwol palè nasyonal

Nan Tobout lanne 2019 la , òganizasyon kolektif 4 desanm , Gen anpil tèt chaje devan sitiwayon malouk ki bay anpil kè sote ke peyi a ap travèse kote tout siyal yo montre ke ekonomi peyi a plat atè, epi kondisyon lavi moun nan sosyete ap bay gwo kè kase. se poutèt sa Kolektif 4 desanm pran reskonsablite l pou ekri w dirèk dirèk lèt tou louvri sa ou menm ki chèf leta a pou fè yon manèv pou w pran wout chanjman toutbon vre epi pou w retire peyi a nan tou kote l ye a.

Li klè kou klèwòz ke pouvwa leta yo, ke l se egzekitif, lejislatif, jidisyè, menm lekòl ak inivèsite tou pa fonksyone. Gouvèlman an bò kote pal ap naje nan enkonstitisyonnalite sa vle di li pa respekte la lwa. Zafè ensekirite a rive nan yon nivo ki depase tout sa moun ka konprann. Ekonomi an rantrè byen fon nan resesyon, e chak jou lap rantrè pi fon avèk tout malsite kel trennen dèyèl, sa ki fè tout moun ap viv nan yon mizèrere san parèy. Popilasyon an pa konn ki sen pou l rele, lap tann kom si li te nan rèv prese prese repons nan men otorite yo devan gwo pwoblèm ke lap fè fas. Pwosè petwo karibe a ke tout moun ap tann ap kanni nan tiwa. Pèp la pandan gwo vag manifestasyon yo di nan fason klè pou tout moun konprann byen kisa lap mande, pandan li montre li bouke ak sitiwayon an ki sanble pa gen bout. Malerezman, devan tout revandikasyon popilè yo ke tout sektè nan la vi nasyonal la ap pote, ou toujou rete sou yon bit Pwenn fè pa, sa ki bloke n pou n jwenn bout kriz la.

Li pa enpòtan pou n rediw mouche prezidan, tout ekip moun ou mete bò kotew pou monte gouvèlman w yo, tout moun sa yo echwe, ki fé, yo pa bay kenn rezilta, oubyen paske yo enkonpetan oubyen paske yo pa jwenn sipòw ase e yo pa janm gen chans jwenn konfyans popilasyon an. Kelkeswa jan an yo pat janm montre ke peyi a te pran wout pou sitiwayon moun ki pi pòv yo te chanje.

Sa tout moun ka wè sanble de gout dlo ak yon kou mal taye ki planifye ant twa pouvwa leta yo pou demanbre enstitisyon yo e kontinye kite kòripsyon an ap taye banda.

Mouche prezidan,

Nou sètoblize retire peyi a nan kriz saa ki kwape lespwa e ki lage malè pandye sou avni timoun nou yo sitou nan sa ki gen pou wè ak koze ledikasyon. Menm kriz saa ki kraze fanmi yo ak retire fyète nou kòm pèp, kraze biznis yo, epi demantibile ekonomi an, dakò ak nou ke kriz saa ap fini ak nou tout nan peyi a. déjà nou gen twòp viktim, twòp moun mouri, twòp biznis kraze, akòz konpòtman jiskobotis pwotagonis yo ki menm ka koz yon eklatman sosyal kap mennen tou dwat nan fè peyi a pèdi dwa grandèt majè l.

Gen ijans poun sòti nan kriz sa nan lonè ak respè. Poutèt sa manm twa pouvwa leta yo ak opozisyon an, òganizasyon politik, relijyez ak sila yo ki nan sosyete sivil la dwe mete sou kote ti enterè mesken yo nan benefis nasyon an. Konsa kolektif la swete yon gwo chita avek estrateji ki klè, san gwo kè, san eksklizyon ki chita sou lanmou youn pou lòt prese prese ak diferan aktè yo poun jwenn yon solisyon patriyotik ki gen pou misyon yon pasasyon pouvwa san kè sote ak yon lòt ekip tou nèf kap gen pou jere leta a nan garanti kè poze pou tout nasyon an ak pèp la.

Mouche Prezidan,

Nou trouve nou jodi a nan oblgasyon pou nou fèw konsidere volonte san mezire popilasyon an ki ap tann yon tèt kole nasyonal pou mete nasyon an kanpe sou 2 pye l. tet ansanm saa ap kwit nèt anndan yon tranzisyon ke se sitwayen ki entèg, onèt , patriyòt e ki gen anpil konpetans ak kapasite.

Yon lidè ki gen bon jan karaktè ak ki kwè nan valè demokratik pap gen dwa rete bra kwaze devan sitiyasyon malouk saa.


Pou fini, konsyan de tribilasyon (pwoblem gravman grav) ke peyi a ap travèse, kolektif la nan non pal ak tout alyel yo ap tann kolaborasyon patriyotik ou pou pèmet nasyon an jwenn 2 pi gwo bagay lap mande :

1. Yon tranzisyon ata menm ou menm, di l, nan dat 28 oktòb ki sot pase la : « après l pap gen lòt ankò ». Pou nasyon an, Se tranzisyon saa ki dwe jete baz pou mete kanpe peyia djanm. Lap gen pou egzekite yon fèy de wout (Plan) kap déjà di a lavans tout sa ki gen pou fèt.
2. Mete sou pye yon ekip tou nèf kap mennen tranzisyon an kote lap gen ladanl sitwayen ki reponn ak kritè nou te gentan di pi wo nan teks la.

Mouche prezidan

Bondye nan sajàs li ap edew pou pran desizyon saa, se vre nou konnen li pap fasil men li nannan solisyon an.

Souple prezidan, resevwa pou nou yon gwo kout chapo patriyotik.



Jean-Robert Argant  
Kòdonatè jénéral